

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran nu diébréhkeun dina bab IV, bisa dicindekkeun yén novel *Sudagar Batik* karya Ahmad Bakri ngandung polah ucapan komisif nu dianalisis dumasar kana wanda pragmatis, ma'na pragmatis jeung adegan pragmatisna. Dina ieu panalungtikan, kapanggih aya 74 kalimah nu ngandung polah ucapan komisif anu ngawengku 4 wanda pragmatis, 6 ma'na pragmatis, sarta 2 adegan.

Wanda pragmatis polah ucapan komisif nu pangréana kapanggih nyaéta polah ucapan komisif langsung literal (50 kalimah), ari polah ucapan nu pangsaeutikna nyaéta polah ucapan komisif langsung tan-literal (2 kalimah) jeung polah ucapan komisif teu langsung tan-literal (2 kalimah). Sésana mangrupa polah ucapan teu langsung literal (20 kalimah).

Ma'na polah ucapan komisif nu pangréana kapanggih nyaéta ma'na polah ucapan nitah (23 kalimah), ari ma'na polah ucapan nu pangsaeutikna nyaéta ma'na polah ucapan ngajak (3 kalimah). Sésana mangrupa ma'na polah ucapan ngantebkeun (22 kalimah), ma'na polah ucapan ngahulag (11 kalimah), ma'na polah ucapan meredih (8 kalimah), jeung ma'na polah ucapan ngawawarkeun (7 kalimah).

Adegan pragmatis polah ucapan komisif nu kapanggih aya 53 kalimah nu dipasing-pasing dumasar kana adegan téma-réma jeung fokus-latar. Tina hasil data nu kapanggih, adegan téma-réma ngawengku 27 kalimah, ari adegan fokus-latar ngawengku 26 kalimah. Tina hasil analisis data, kapanggih aya 4 pola adegan téma-réma, nyaéta pola 1 ($T - R : J - C$), pola 2 ($T - R : J - C - Pal$), pola 3 ($T - R : J - C - U$), jeung pola 4 ($T - R : J - C - Pal - Kat$). Ari adegan fokus-latar aya 7 pola adegan, nu ngawengku pola 1 ($F - L : J - C$), pola 2 ($F - L : J - C - Pal$), pola 3 ($F - L : J - C - U$), pola 4 ($F - L : J - C - Kat$), pola 5 ($F - L : J - C - U - Pal$), pola 6 ($L - F : C - J$), jeung pola 7 ($L - F : C - J - Pal$). Papasingan pola adegan nu dijabarkeun kapanggih tina hasil analisis adegan kalimah polah ucapan komisif.

Sacara umum bisa dicindekkeun yén polah ucapan komisif réréana mangrupa polah ucapan komisif langsung literal dina ma'na pragmatis nitah. Adegan pragmatis polah ucapan diwangun ku susunan adegan téma-réma.

5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban sarta ngajembaran paélmuan hususna dina widang pragmatik. Ieu panalungtikan ngeunaan polah ucapan komisif dina novél *Sudagar Batik* karya Ahmad Bakri dipiharep sangkan nu maca hususna mahasiswa maham kana polah ucapan komisif, tur bisa ngalarapkeunna dina kahirupan sapopoé. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngajembaran kaweruh masarakat hususna guru dina widang basa Sunda kana polah ucapan komisif.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan, aya sawatara rékoméndasi nu patali jeung ieu panalungtikan.

- a. Ieu panalungtikan medar ngeunaan polah ucapan komisif nu kawilang masih saeutik lantaran munggaran ditalungtik. Ku kituna, masih perlu diayakeun panalungtikan satuluyna.
- b. Pikeun ngajembaran ulikan dina kabasaan hususna ulikan pragmatik dina polah ucapan, dipiharep bisa leuwih ngajembaran ulikan nu dipedar, teu saukur medar ngeunaan wanda, ma'na jeung adegan pragmatisna wungkul.
- c. Tina wanda, ma'na, jeung adegan polah ucapan komisif dipiharep bisa dilarapkeun dina komunikasi sapopoé, sangkan teu kajadian ayana pasalia paham.